

сессия

**Райсобраниялъул иргадулаб данделъи тIобитIана**

Стр. 2

спорт

**Волейболалъул майдан рагъана**

Стр. 4




# ЛЪАРАТIА



ЛъаратIа районалъул газета

№ 13 * сентябрь 2017 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


*жамгIият*

**ЛъаратIа райцентралда Джурмут гIурул рагIаллъиялда бана гIор кIанцIиялда. Исана бан рагIалде бахъана 498 метр халатаб ва 8 метралъ борхатаб къе. Районалъул нухмалъиялъул пикруялда рекъон, гьеб хIалтIуца гIицIго гIор кIанцIиялдаса хIинкъи гуреб, цоги хIалтIаби гьаризеги ресал кьолел руго.**

# ГIОР КIАНЦIИЗЕ ГЬЕЧIО

*Джурмут гIурул рагIаллъуда цIияб сангар бана*



ХIалтIи байбихьун кIиго сонги бащдабги ун буго. ГIемераб заманаялъ хIинкъи букIана гIор кIанцIун гIадамазул магIишат хвезабиялда, хасго ихдал гIор кIодолъараб мехалъ. Сангар балеб идараялъул нухмалъулев Зайнудин БатIаловасул пикруялда рекъон, кигIан захIматаб хIалтIи бугониги, тIалабазда рекъараб, щулатаб сангар бан бугила гьениб.

"ХIалтIи гьабизе цIакъ захIматал шартIал рукIана, къе базе гвенд бухъизегун гьеб сагIаталъго лъеца бахчулеб букIана кинабго. Къуватал насосаз лъимги къватIибе цIан гьедин бана кьучIдае тIоцебесеб къе. Гьелъ хIалтIи халат бахъизабуна. Нижеца кинабго хIалтIи тIубан буго хIукуматалъул тIалабазда рекъон. ХIалтIи гьабун буго ракIбацIадго ва мухIканго, гьелъул жаваб нижеца кьолеб буго», - ян абуна БатIаловас.

Районалъул бетIер Ражаб Ражабовасул рагIабазда рекъон, гьеб хIалтIуца гIемераб кумек кьолеб буго аскIоса гIебеде ругел ракьаздаса хайир босизе.

«Гьанжеялдаса киданиги Джурмут гIор кIанцIизе гьечIо рагIалде. Гьелъие гIоло гьабун буго ракIчIараб хIалтIи. Гьанже районалъе рес щун буго гIор тIаде кIанцIулеб букIараб 2 гектар гIанасеб ракьалдаса пайда босизе. Нижеца гьанжего гьениб кьучI лъун буго цIияб РОВДялъул минаялъе ва хадубккун МЧСалъул минаги базе буго аскIоб. Республикаялъул нухмалъиялъ кIудияб кIваркьей гьабулеб гьеб мугIрузулаб Дагъистан цебе тIеялъе. Гьелъул хIасилалда жакъа рагIалде бахун буго ЛъаратIа гьаб кIудияб хIалтIи. КIудияб баркала загьир гьабулеб буго киналго гьаб баракатаб хIалтIуда гIахьаллъарал киназего», - ян абуна районалъул бетIерас.





*сапаралги нухалги*

# Районалъул нухмалъиялъулгун гьокочагIазул данделъи

**ЛъаратIа районалде нухал цIигьаризе байбихьаралдаса сверун буго кIиго лъабго лъагIел гIанасеб мех. Гьеб заманалда жаниб чанго батIияб лъугьа-бахъин ккана машинаялъул аварияза ккун гIадамал хвараб ва лъукъа-кьотIараб.**



Сентябралъул байбихьуда ХIебдаса эхеде ЛъаратIа районалде унеб автобус сверана жанир гIемерал чагIиги рукIаго. Гьезул гIемерисел лъукъа кьотIана, хварал чагIи гьечIо. Районалъул нухмалъиялъ республикаялдаса хIакимзаби ва МахIачхъала-ЛъаратIа автомаршруталда хIалтIулел гьокочагIиги ахIун гIуцIана данделъи ва гьел авариязе щиб гIилла бугебали лъазабуна.

Данделъиялда гIахьаллъана энергетикаялъул, транспорталъулгун бухьеналъул министрасул заместитель Якъуб Худжаев, автотранспорталъул отделалъул нухмалъулев Ибрагьим Гашимов, такси-маршруткаязул халшал гьабиялъул отделалъул начальник МухIамад Макъсудов ва ЛъаратIа районалъул щибаб идараялъул нухмалъулел.

Данделъи байбихьигун районалъул бетIер Ражаб Ражабовас гIайиб гIунтIизабуна МахIачхъала-ЛъаратIа

*Ахир 2 аб. гьум.*

*сессия*

# Райсобраниялъул иргадулаб данделъи тIобитIана



Сентябралъул 11 абилеб къоялъ ЛъаратIа администрациялда тIобитIана иргадулаб райсобраниялъул сессия. Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна райсобраниялъул председатель ГIабдула ГIабдулаевас, районалъул бетIер Ражаб Ражабовас, ЛъаратIа районалъул прокурорасул заместитель СултIанбег АхIмадовас, районалъул депутатаз, росабазул бегавулзабаз ва цоги сессиялде ахIараз. Гьениб гьоркьоб лъуна кIиго аслияб суал. 2017 абилеб соналъ тIоцебесеб бащдаб лъагIалил районалъул ва росабазул администрациязул бюджет хIалтIизаби. КIиабилеб суал, 2017-18 абилеб цIалул лъагIагIалиде районалъул школабазул ва ясли-ахазул хIадурлъи.

ТIоцебесеб суалалда хурхун трибунаялде цеве вахъана ЛъаратIа районалъул администрациялъул финансовияб идаралъул нухмалъулесул заместитель КъурамухIамад ГIалиев.



Гьесул баяназда рекъон, исанасеб тIоцебесеб бащдаб лъагIалие бихьизабураб гIарац хIалтIизабун бугила 98,4 проценталъ. Гьесул тIубараб доклад цIализе бегьула гьабго номералда. Бюджеталда хурхун Ражаб Ражабовас гьаруна цо-цо тIадкъаял.

«Росабазул бегавулзабаз хIаракат бахъизе ккола росдал магIишаталъул продуктал гIезариялъухъ ракьул налогал жиндир заманаялъ кьезе, гьединго буголъиялъул (имуществоялъул) налогал кьезе. ЛъагIалил ахиралда нужеего бигьалъи букIине буго гьеб хIалтIи рагIалде бахъани».

КIиабилеб суалалъул докладгун цеве вахъана ЛъаратIа лъайкьеялъул идаралъул нухмалъулев Сулейман Меджидов.

«ЦIияб цIалул лъагIалиде школал ва ясли-ахал хIадурлъана чанго батIияб рахъалъ. ТIоцебе киналго школазул ва ясли-ахазул минабазда ремонтал гьаруна. КъватIисаги жанисаги цIигьаруна. Гьединго цIалдохъабазул сахлъи ва гIумруялъе хIинкъи гьечIолъи цIуниязе шартIал чIезаруна кисакирего. ГIага-шагарго 90 % лъайкьеялъул учреждениял хIадурун руго цIияб цIалул лъагIалиде»- ян абуна Сулейман Меджидовас.

Данделъиялда гьединго Ражаб Ражабовас абуна, гьабизе кколила школазул директоразул ва мугIалимзабазул аттестация, ай лъазабизе кколила вугищ щивав чи жинда бажарулеб хIалтIуда.

«Рес гьечIого шапакъатал ва цогидазда данде ккун харжал цIикIинаризе ккола тIадегIанал хIасилал рихьизарурал мугIалимзабазе. Гьединго гIарцудалъун кумек гьабизе буго меседил медаль щварал цIалдохъаби рахъарал школазул директоразе. Хашал хIасилал рихьизарурал школазул нухмалъулезеги хасал масъалаби цере лъезе руго гIагараб заманалда".

*сапаралги нухалги*

# Районалъул нухмалъиялъулгун гьокочагIазул данделъи

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

маршруткаязда ва таксиязда хIалтIулел шофераздa. Гьесул пикруялда рекъон, гьокочагIазул хIалтIудехун бугеб кIвар гьечIолъиялъ ккана гьел авариязул лъугьа-бахъинал.

«Ахираб кIиго лъагIалида жанир ккана гIемерал авариял. Гьезулги гIемерисел руго гIадамал рачунел газель машинаби нухдаса гъорлъе реххун. Аслияб гIилла буго шофераз автомашина бачиналъул правилаби хIалтIизаричIого. Рищун лъагIалида автоавариязул хIасилалда къаникье унел руго щунусгоялдаса цIикIун чагIи, кIиго нухалъ цIикIун чагIиги лъукъа-къотIулел руго. Жакъа тIоцебе гьабизе кколеб хIалтIи буго, сапаралъ вахъунев щивав водителасул сахлъиялъул ва автомашинаялъул гIунгутIиялъул хал гьабулеб къагIида гIуцIи. Законалда рекъон гьедин букIине ккола».

Законалда рекъон кин гьеб хIалтIи гIуцIизе колебали бичIизабуна ЛъаратIа районалъул прокурорасул заместитель СултIанбег АхIмадовас. Гьесул пикруялда рекъон, киназего бигьаяб къагIида буго къануналда рекъон хIалтIи гьабуни.

«Жакъа районалде хьвадулеб буго кинабниги I8 пассажирал раччунеб газельги ва гIага-шагарго 50 таксиги. Гьезул хIалтIул тартиб букIине ккола роцIцIараб къагIидаялъ, щивав чиясда жиндир тIадал масъалабиги ихтияралги лъаледухъ. ТIоцебе гьеб маршруталда хIалтIулел водителазул букIине ккола законалда рекъон гьабураб регистрацияги гьединго законалда рекъон гIадамал раччизе бегьулеб машинаги. Гьелъ ихтияр кьезе буго авария ккараб бакIалда гIайибияв тамихIалде цIазе ва гьеб гуреб хIукуматалъе налог бакIаризеги гьокочагIаздаса. Бокьараб бизнес гьабулев чиясда тIад хIукуматалъ бихьизабун буго ккараб налог, водителал батIалъи щиб? Гьеб суал буго жакъа районалъул бетIерас тIаде босун, бокьараб нух балагьун гьеб щвалде щвезабизе ккола. Жакъа нилъеца налог бакIаризе кIолеб гьечIо гьеб бизнес гьабулел чагIаздаса, щайгурелъул гьезул цонигиясул гьечIо лицензиялъул кагъат», - ян абуна СултIанбег АхIмадовас.

ЛъаратIа РОВДялъул начальник ХIажибег Шамиловасул пикруялда, захIматалъул договорал гьечIеб кагъатгун цониги чи ине гьечIо пассажиралги рачун МахIачхъалаялде нахъе. Гьес киналго водителал ахIулел руго къануналда рекъон хIалтIизе.



го гIемерал авариял гьарулел руго машина кколелдаса хехго бачиналдалъун, яги данде бачIунеб нухде рахъун. Гьединго кколеб манзилалъ машинаби цоцдаса рикIкIад чIезаричIого ва машина бачунес хIалтIул ва хIалхьиялъул заман чIезабичIого бокьараб заманаялда сапаралъ вахъун. Районалъул ва республикаялъул нухмалъиялъ гIадлуялде бачине буго кинабго хIалтIи ва гIайибиял тамихIалде цIазе руго», - ян Абуна районалъул бетIер Ражаб Ражабовас.

Гьеб суалалда тIад жидерго пикру бицана киналго республикаялдаса щварал министерствоялъул хIакимзабаз. Масала, Якъуб Худжаевасул буго гьадинаб пикру.

«Шагьранухазда авариял ккеялъул суал буго жакъа киналго республикаялъул районазда ва шагьразда унтарал суалазул цояб. Дагъистаналда щибаб

Гьединго жиндир пикру загьир гьабуна ЛъаратIа ЦРБялъул нухмалъулев Асадула Юсуповасги. Гьесул пикруялда рекъон, бокьарав гIадамал раччулев водителас сапар бухьиналда цебе хал гьабизе кколила жиндирго сахлъиялъулги.

«Къануналда рекъон, гIадамал раччулев ва гьединго инсанасе хIинкъи бугеб груз баччулев чияс хал гьабизе ккола жиндир чорхол сахлъиялъул. Гьеб хал гьабиялъул хIасилалда рекъон гьесие кьезе ккола сапаралда вахъине бегьула абураб тIад печатьги лъураб кагъат. Гьеб кагъат гьечIого сапаралде вахъизе бегьуларо».

Районалъул бетIер Ражаб Ражабовас тIаде босана гIагараб заманалда гьеб кинабго хIалтIи рагIалде бахинабизе.

## *Прокуратура сообщает:*

### Усилена административная ответственность должностных лиц за неправомерный отказ в предоставлении информации

Федеральный закон «О внесении изменения в статью 5.39 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях» принят Государственной Думой 23 июня 2017 года и одобрен Советом Федерации 28 июня 2017 года и подписан Президентом Российской Федерации 1 июля 2017 года.

Закон направлен на усиление административной ответственности должностных лиц за неправомерный отказ в предоставлении гражданину, в том числе адвокату, и (или) организации информации, предоставление которой предусмотрено федеральными законами, а также за несвоевременное её предоставление либо предоставление заведомо недостоверной информации. Максимальный размер денежного штрафа за указанные нарушения повышен с трёх до десяти тысяч рублей.

### Внесены изменения в антикоррупционное законодательство

Федеральным законом в законодательные акты Российской Федерации вносятся изменения, направленные на совершенствование мер по противодействию коррупции.

Федеральным законом вносятся изменения в Трудовой кодекс Российской Федерации, Положение о службе в органах внутренних дел Российской Федерации, федеральные законы «О прокуратуре Российской Федерации», «О службе в таможенных органах Российской Федерации», «О воинской обязанности и военной службе», «О государственной гражданской службе Российской Федерации», «О муниципальной службе в Российской Федерации», «О противодействии коррупции», «О Следственном комитете Российской Федерации», «О службе в органах внутренних дел Российской Федерации и внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации» и «О службе в федеральной противопожарной службе Государственной противопожарной службы и внесении изменений в отдельные законодательные акты Российской Федерации».

Федеральным законом предусматривается создание реестра лиц, уволенных в связи с утратой доверия. Размещение такого реестра в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет» позволит при отборе кандидатов на замещение должностей государственной и муниципальной службы, государственных, муниципальных и иных должностей оперативно получать информацию о соблюдении претендентами требований антикоррупционного законодательства.

*дин ва гIумру*

# Гъаплан – къуваталъулги берцинлъиялъулги гIаламат

*«БагIараб тIехьалде босараб жанавар»*



**Азиялъул гъаплан, гьелда абула Кавказалъул цIиркъиланги, цебе гIемер бихьизе рес букIана. Гьанжейин абуни гьелъул къадар цIакъго дагь-лъун буго. Нилъер мугIрузда гьеб къанагIат гурони данд чIваларо. Ахираб нухалда гьеб бихьун буго ЛъаратIа районалда.**

Гъоркьиса гIалимзабазда батун букIана Кавказалъул заповедникалда гIезабураб ва хадуб гIалхуде биччараб гъаплан

Кавказалда гъаплан цIидасан гIезабизе бугин абураб суал цебего гьоркьоб лъун букIана гIалимзабаз. Северияб Кавказалда Азиялъул гъапланазул къадар цIиккинабизелъун А.Н.Северцевасул цIаралда бугеб экологиялъул ва эволюциялъул захIмалъабазул институталъ РАНалъул ва Россиялъул WWFялъул (гIалхул тIабигIаталъул тIолго дунялалъул фонд) ва ТIабигIиял сурсатазул министерствоялъул кумекалдалъун гIуцIун букIана сверун къан цIунараб бакIалда жанаварал хьихьи ва гьел, кIудиялги гIезарун, тIабигIаталде риччаялъул программа. Гьелда рекъон Кавказалъул заповедникалда хьихьун, кIудиял гIурал жанаварал тIабигIаталде риччана 2016 соналда Краснодар краялда. Щиб бакIалда ругелали хадуб халкколел алаталги ран, къватIибе биччан букIана лъабго гъаплан. Кавказалда хIалтIулел гIалимзабазул къокъаялъ халгьабулеб букIана жанаварал кире унелали, гIалхулаб тIабигIаталъул шартIазда гIумру гьабизе гьезухъа бажарулеб бугищали.

2016 соналда гьеб программаялде гъорлъе лъугьана ДРалъул ТIабигIиял сурсатазул ва экологиялъул министерствоги «Дагъистаналъулаб» заповедникги. Бакъбаккул Кавказалъул гъаплан цIуниялъе шартIал гIуцIизе Россиялъул WWFялъул квербакъиялдалъун унеб буго лъаратIисезул заказник гIатIид гьабиялъул хIалтIи. Гьелъул хIасилалда Дагъистаналда букIине буго Кавказалда бищун кудияб заказни.

ГIалхулаб тIабигIаталде риччазе гъапланал гIезари, катитIанчIи гIезари гуро, гьеб цIакъ захIматаб хIалтIи буго. Гъаплан тIабигIаталде гIумру гьабизе хIадурлъарабльун рикIкIуна жинцаго квен балагьизе ва гIадамасдаса лъутизе гьеб ругьунлъун бугони.

Гъапланал гIезарулеб централъул гIалимзабаз цIикIкIун кIвар кьола гьел ругьун гьариялде. ГIолохъанал гъапланал гIадамаздаса хIинкъиялде ва гьезда гIадан квенлъун вихьунгутIиялде куцала. ГIалхуде биччалелде цебе щибаб жанаваралъ, гIалхул хIайванал гIезарулеб централъул ва РАНалъул ИПЭЭялъул специалистазда цебе цин кьезе ккола захIматаб «экзамен».

Кавказалъул заповедникалъул тIабигIаталде гъаплан биччалеб мехалда, цо-цо бакIалъул гIадамал хIинкъулел руго, гьеб инсанасе хIинкъи бугеблъун батилин ва жидер боцIуе зарал гьабилин абун. БакътIерхьул Кавказалда спутникалъул кумекалдалъун гьабураб халкквеялдаса хадуб чIезабуна гъапланалъул рахъалдасан гьединаб хIинкъи гьечIолъи. Амма гъаплан инсанасе щибго хIинкъи гьечIеб бугин абизе бегьуларо, щайгурелъул гьеб буго вахIшияб жанавар. Гьебго заманалда кIочене бегьуларо, гъапланго гIадин хIинкъи бугелълъул рукIине бегьула циги, бацIги, гIалхул кетуги (рысь), цогидал жанаваралги.

Гъоркьиса гIалимзабазда батун букIана Кавказалъул заповедникалда гIезабураб ва хадуб гIалхуде биччараб гъаплан. ГохIдеги рахун, гьелда хадуб халккурал гIалимзабазда бихьана, жидецаги хьихьун гIезабураб гъаплан, гIадан вихьидал, бахчараб куц. Гьеб букIана гIалимзабаз гьабулеб «авлахъалъул экзамен» гIадаб жо. Гьеб лъугьа-бахьиналдаса бичIчIула, жанир тIамун, гIалхуде риччачIого, хьихьарал гъапланал, цогидал гIалхул жанаваралго гIадин, инсангун дандчIваялдаса лъутулеллъи.

## Гъаплан лъебелазул мугIрузда

Гьединго цIех-рех гьабулаго, чан гьабулеб букIараб гъапланалъ 200 – 300 метралъ рикIкIад ругел гIадамазда жибго бугеб бакI лъазе течIо. МахIчIван гIадамал аскIорегIан рукIин бичIчIаниги, гьеб бахчун чIун буго. ГIадан вихьигун яги махIчIвайгун, гъаплан, рехун тун жиндирго чангун, бахчизе уна. Хадуб, гIадамал нахъе араб мехалда гурони жинцаго чIвараб чаналде аскIобе бачIунаро.

Дагъистаналда цо-цо гIадамал хIинкъулел руго «ЛъаратIа» заказник гIатIид гьабиялъ ва гьеб ракьалда гъапланал гIезариялъ мугIрузул росабазул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIезабиялъе квалквал гьабизе бугин. Гьеб гIададисеб хIинкъи буго. КIудияб заказник гIуцIулаго, экспертаз хIисабалде босун буго гьеб мухъалда гIумру гьабун ругел гIадамазе квалквал гьечIеб къагIидаялъ хIалтIи гьаби. «ЛъаратIа» заказникалде гьоркьобее унеб буго КIособ, Къелеб ва БежтIадерил заказникалде гъорлъе рачинчIо магIишат гьабиялъе дандекколел лъикIал ракьал. Заказник хIалтIизабулеб букIаниги, росабалъ гIумру гьабун ругел гIадамазе боцIи хьихьизе ва рагIи-херги гьабиялъе бакIал цIунизе хIаракат бахъуле буго.

«ЛъаратIа» заказник гIатIид гьабиялъул хIасилалда гьеб цIунулезул штатал цIикIкIине руго, гьединго экологиялъул отделалъул гIелмиял хIалтIухъабазулги къадар гIемерлъила. Гьединго гъапланал цере рукIахъи гIезариялъул проекталъ квербакъила Дагъистаналъул мугIрузул районазда экологиялъул туризм цебетIезабиялъеги.

## Нагагь рохьоб гъаплан дандчIвани...

Нуж цоцазда рихьун хадуб, гIодориччан рукIине ккела, гьелъул магIна ккола жанавар тIад речIчIизехъин гьечIолъи. Гьелъ бихьизабула жибго цIунизе хIадур букIин. Жанаваралде мугъ рехичIого, гьелъие зарал гьабизе гьечIолъи бихьизабун, гIодобиччараб гьаркьидалъун кIалъалаго, нахъегIан къазе ккола. Нужеда сверухъ лъарал рагIаллъи, нух, гIурдалъи бугони, гьенире ине ккола. Жанаваразе бокьуларо гIадаб, рагьараб бакI. ГъаплпналЪул бадире ралагьизе бегьуларо, льелда гьеб бичIчIула рагьизе хIадурарал рукIин абураб магIнаялда, гьебмехалда тIад речIчIизе бегьула гьеб.

Лъутуге! Бокьараб вахIшияб жанаваралъул чанахъанлъиялъулаб хасият буго – лъутулезда хадуб борти.

КIочонге – гъапланалъул тIанчIазда аскIоре къалелги гьелъухъа чан бахъулебги гьечIони, лъукъичIеб жанаваралъ нужее зарал гьабуларо.

ГIемерисел вахIшиял жанаваразда цIакъ лъикI рагIула, гьединлъидал нахъекъотIизе гьаракь гьабуницин гьеб нахъе уна.

ТуманкI речIчIуге! Ругьун бугоницин гьезул къуват дагьлъуларо, жегиги тIадеги вахIшилъун гурони. Бегьуларо гьелъул сурат бахъизеги, нахъе унеб жанаваралда хадуб лъугьинеги. Жанавар бихьараб бакI ракIалда чIезабе ва Дагъистаналъул заповедникалде ахIе: 8(8722) 62-85-07

Азиялъул гъаплан РФалъул БагIараб тIехьалде босараб букIиналда бан, РФалъул законалда рекъон, гьеб чIварав чиясдаса милион гьурущ бахъула.

**А.К. Темботовасул цIаралда бугеб РАНалъул мугIрузул ракьазул экологиялъул институталъулги, «Дагъистаналъулаб» заповедникалъулги хIалтIухъаби, гIалимзаби А.Б. ПХИТИКОВ, С.А. ТРЕПЕТ, Г.С. ЖАМИРЗОЕВ.**

*спорт*

# Хваразул цIаралдалъун

*Ибрагьим Ибрагьимов ракIалде щвезавуна*




**Лъабго соналъ цеве нилъедаса ватIалъарав нилъер ракьцояв, ММАялъул рахъалъ дуниялалъул чемпион Ибрагьим Ибрагьимов ракIалда щвезавуна Кизилюрт шагьаралда. Гьениб тIобитIана Ибрагьимов ракIалде щвеялъул рахъалъ ММАялъул турнир. ЛъаратIа районалъул бетIер ва цоги хIакимзаби данделъана ракьцоясул цIаралда бугеб турниралда. ЛъаратIа районалдаса турниралъухъ хал кквезе рачIана районалъул бетIер Ражаб Ражабов, гьесул заместитель ХIажи МухIамадов, райсобраниялъул председатель ГIабдула ГIабдулаев ва цо-цо росабазул администрациялъул бегавулзаби.**

23-24 абилеб сентябралда Кизилюрт шагьаралда тIоритIана Ибрагьим Ибрагьимов ракIалде щвеялъул къецал. Гьенир гIахьаллъана Дагъистаналдаса, Чачаналдаса, Ставрополалдаса 25 команда ва 400 спортсмен. Кинабниги 39 цIайиялъул категориялда гIолохъанал ва чIахIиял спортсменал.

Дагъистаналъул спорталъул министрасул заместитель ХIажимурад МухIамадовасул рагIабазда рекъон, гьеб турнир бахун буго тIолабго Россиялъул даражаялде. Гьанже гьенир гIахьаллъулел руго Кавказалъул республикаяздаса спортсменазги.

ЛъаратIа районалъул бетIер Ражаб Ражабовас кIудияб къимат кьуна турнир тIобитIиялъе ва районалъул жамагIаталъул рахъалдаса баркана киназдаго гьеб данделъи.

«Спорталъ кидаго нилъ цолъизарула. Жакъа мунагьал чураяв Ибрагьимица гьанир данде гьаруна Ставрополалдаса, Чачаналдаса ва Дагъистаналдаса гIадамал. Гьелъ бихьизабулеб буго нилъер цолъи ва республикаялдагун улкаялда спорт цебетIезабизе бугеб гьира. РакI-ракIалъулаб баркала кьезе бокьун буго Ибрагьимил эмен ХIасание ва гьесул кIудияв эмен Джамалудиние. Гьез кьуна кIудияб кIвар Ибрагьимил спорталъе ва жакъа нилъее гьаб спортивияб данделъи. Гьаниб данделъун буго кинабго ЛъаратIа районалъул нухмалъи, гьезул рахъалдаса дица гьарулеб буго жакъасел спортсменазе спортивияб битIккей ва сахаб гIумру. Ибрагьимил турнир лъугьине буго нилъее лъикIаб гIадатлъун».

Кьуцаялда данделъараздa гьединго баркана Ибрагьимил тIоцевесев тренер, машгьурав дзюдоялъул тренер ХIабиб МухIамадовас. Гьесул рагIабазда рекъон, Ибрагьимица байбихьи гьабун букIана дзюдоялдаса ва гьесул спорталъул нухда дзюдоялъ кIудияб кумек гьабунин гьесие.

«Ибрагьимица байбихьана дзюдоялдаса. Гьеб лъугьана гьесие ММАялда базовияб байбихьул махщеллъунги. Гьаб залалъ кIудияб нух рагьана гIемерал машгьурал спортсменазе. Ниж хIадурал руго турнир щибаб соналъ тIобитIизе. Гьеб гIадатлъун билъун буго гьанже».-ян абуна ХIабиб МухIамадовас.

*Ахир 4 аб. гьум.*

спорт

# Хваразул цIаралдалъун



*Байбихьи 3 аб. гьум.*

Ибрагьим Ибрагьимов 2012 абилеб соналъ Рязаналда вахъана ММАялъул рахъалъ Россиялъул чемпионлъун, гьебго соналъ Снкт-Петербургалда вахъана Европаялъул чемпионлъунги. 2013 абилеб соналъ цIидасан Уфа шагьаралда вахъана Россиялъул чемпионлъун. Гьебго соналъ бергьана Италиялда дуниялалъул чемпионатги. 2014 абилеб соналъ 20 сонил гIумруялда гьев нилъедаса ватIалъана.

Гьел къецазда районалъул бетIер Ражаб Ражабовас гьарана дзюдоялъул тренер ХIабиб МухIамадовасда, къецазде хIадурлъиялъул дарсал цо нухалъ ЛъаратIаги гьаризе. Гьеб гуребги гIемерисел гьеб залалда дзюдоялде хьвадулел гIолохъаби ЛъаратIаса ругелъул. ХIабиб МухIамадовасул рагIабазда рекъон, гьеб залалдаса къватIиве ана гIага-шагарго 700 ЛъаратIаса спортсмен.

«Дун хIадурав вуго ЛъаратIа районалде ахIизе республикаялда рищунго бергьарал дзюдоистал, гIолохъанаб гIелалъе мисал бихьизабизе. Гьеб буго бищунго хIасил кьолеб хIалбихьи. РукIуна цо-цо МахIачхъалаялдасаги нижер залалде хьвадулел спортсменал, щай гурелъул гьаб залалдаса руго дунялалъул кубок бергьарал, Европаялъул чемпионалги, гьединго Олимпиадаялъул чемпионги. Къуватал, хIалбихьи бугел спортсменазда цадахъ гьабураб хIалтIуца хIасил кидаго кьола».

Ражаб Ражабовасул рагIабазда рекъон, къецазде хIадурлъи тIобитIизе буго ЦIамагIури мугIрул ахалъуда.

# Дзюдоялъул чемпион



**Сентябралъул 21-22 абилеб къоязда Грозниялъул «Олимпийский» спорткомплексалда тIоритIана Турпал-Али Къадыров ракIалде щвеялъул дзюдоялъул рахъалъ гIолохъанаб гIелалда гьоркьор къецал.**

Турниралда гIахьаллъи гьабуна 10 улкаялдаса ва Россиялъул 48 регионалдаса спортсменаз.

Къецазда 60 кг цIайиялда цеве вахъана нилъер ракьцояв Рамазан ГIабдулаев.

Гьеб цIайиялда нилъер ракьцояс росана ракIчIарал бергьенлъаби ва финалда бергьана гьоркьисеб лъагIалил мазгарул медалист Рамди Мишаев абурав речIухъанасдаса.

Гьеб гуребги Россиялъул командаялъе Рамазан ГIабдулаевас исана босана мазгарул медал Словениялда тIоритIараб Европаялъул чемпионаталда.

Рамазан ГIабдулаев цеве вахъунев вуго Санкт-Петербург ва Удмуртиялъул рахъалда.

# Волейболалъул майдан рагьана

*Победа росулъ турниралда гIахьаллъана районалъул нухмалъи ва халкъияб депутатал*



**ЛъаратIа районалъул нухмалъиялъ иргадулаб сапар бухьана хъутаналда гIумру гьабулел ракьцоязухъе. Гьеб буго исана лъабабилеб сапар киналго районалъул хIакимзаби данделъараб. Гьаб нухалда киналго ракIарана Победа росулъ волейболалъул турниралда. Лъалеб букIахъе гьениб бан буго мини-футболалъул ва волейболалъул майданал.**

Сентябралъул 24 абилеб къоялъ Победа росулъ тIобитIана волейболалъул рахъалъ районалъул турнир. Гьеб букIана росабазул администрациязда гьоркьосел къецал. Гьениб гIахьаллъи гьабуна тIаса бищараб микьго командаялъ.

Къецал тIоритIана районалъул администрациялъул спорталъул комитеталъ гIолохъанаб гIелалда гьоркьоб волейбол машгьур гьабиялъул ва терроризмаялдагун экстремизмаялде данде рагъ лъазабиялъул мурадалда. Данделъиялда гIахьаллъана киналго районалъул идарабазул бутIрул, бегавулзаби ва республикаялдаса рачIарал районалъул хIакимзаби. Гьезда гьоркьов - Халкъияб собраниялъул депутатал Ражаб ГIабдулатIипов, МухIамад МахIачев, ГIабас Къебедов, профессионалияб боксалъул рахъалъ дуниялалъул чемпион СултIан Ибрагьимов ва гь ц.




Данделъи рагьигун Ражаб Ражабовас бицана, районалъул администрациялъ кIудияб кIвар кьолеб бугин ЛъаратIа районалда олимпиадаялъул спортивиял хIаял машгьурлъизаризе ва церетIезе. Гьелъие гIоло гьарулел ругин киналго хIажатал шартIал.

«Волейбол буго нилъер районалда бищунго бокьулеб спорталъул цояб. Хьул буго жакъа гьанир цере рахъулел спортсменаз нилъер район республикаялда ва пачалихъалда кIодо гьабиялда. Районалъул нухмалъиялъул рахъалдаса хIадурун руго кидаго кумек гьабизе».

Халкъияб собраниялъул депутат Ражаб ГIабдулатIиповасул пикруялда рекъон, гьединал данделъабаз гIолохъабазда ва жамагIаталда гьоркьоб бижизабула цоцадехун адаб-хIурмат, ВатIаналдехун ва спорталдехун рокьи. «Жакъа цере рахъун нужеца бихьизабулеб буго гIицIго волейбол хIай гуреб, спортивияб рукIа-рахъин ва инсан лъугьинави. Инсан жинцаго жив лъугьинавизе ккани къваригIуна щибаб къоялъ жинда тIад кIвар кьеялда гьабулеб хIалтIи. Дица нужее гьарула хадубккун кIудиял бергьенлъаби ва цоцадехун адаб-хIурмат цIикIин».

Турниралъул хIасилазда рекъон, лъабабилеб бакI щвана Кутлаб росдал командаялъе, кIиабилеб бакI Начада росдае ва тIоцебесеб бакI ккуна Росноб командаялъ. Росноб командаялъ ахирисеб лъабго соналъ районалда тIоцебеб бакI ккуна. ТIадегIанал бакIал ккурал командабазе кьуна гIарцудалъун шапакъатал, медалал ва граммотаби.



**ОБЪЯВЛЕНИЕ**

Аттестат о среднем общем образовании, выданный в 1978 году МКОУ «Тляратинская СОШ» Асланову Аслану с серийным номером Б № 42123121 утерян. Паспорт считается недействительным.

Редактор:
**Раджабов Расул Абакарович**
**Газета гIуцIарал:**
ЛъаратIа районалъул администрациялъул ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0I06

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 1100 экз.** **Индекс: 5I372.**

Газета отпечатана в типографии "Лотос" по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать:
по графику: 19.00
фактически: 19.00 , 29.09.2017
Заказ ____________________